

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Udagan tina ieu panalungtikan téh nyaéta analisis struktur carita, struktur formal jeung kritik sosial naskah drama “Tamun Agung” karya Hawwa Thiffal nu disusun pikeun nambahan pangdeudeul bahan panalungtikan pikeun panalungtikan sastra, hususna kagiatan macanaskah drama. Dina ieu panalungtikan, tiori anu digunakeun medar struktur naskah drama “Tamun Agung” aya dina struktur carita drama anu diwangun ku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Salian ti éta, struktur formal naskah drama “Hawwa Thiffal” ogé diwangun ku prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, babak, adegan, jeung epilog. Sarta dianalisis ogé ku sosiologi karya sastra anu diwangun ku social pangarang jeung sosial karya sastra. Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta deskriptif analisis jeung ngagunakeun instrumén panalungtikan nyaéta kartu data struktural jeung kartu data sosiologi karya sastra

Struktur nu digunakeun dina naskah drama “Tamun Agung” nyaéta struktur carita drama. Struktur carita drama anu ngawengku tema, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina naskah drama “Tamun Agung” nyaéta sosial masarakat ayeuna dina nepikeun jeung narima iber béwara anu sok jadi salah harti alatan ku gampangna nyindekeun iber teu bener ka papada manusa jeung tara dilenyepan deui kabeneran tina iber nu aya, balukarna di jaman kiwari loba iber teu bener nu jadi fitnah. Alur dina ieu naskah drama diwangunku eksposisi, komplikasi, klimaks, résolusi, jeung konklusi. Tokoh anu aya dina ieu naskah drama nyaéta Lalaki, Patugas Kabersihan, Salaki, jeung Pamajikan, tokoh didieu kabagi jadi dua aya tokoh utama jeung tokoh tambahan. Tokoh utama dina ieu naskah aya tilu, sabab tilu tokoh ieu boga lalakon anu sarua penting ti ti awal carita nepi ka ahir carita. Darman, Ki Burhan, jeung Usép salaku tokoh utama jeung tokoh tambahan nyaéta Kadés, Hansip, Warga, Buruh, Palamar, Ibu jeung Anak, Awéwé jeung Lalaki, jeung nu pamungkas Mabok. Aya ogé latar anu ngawengku latar waktu (*historis*) jeung latar tempat (*geografis*). Latar tempat (*geografis*) dina ieu naskah drama nyaéta Désa Cibentur, Kampung Cibentur, GOR Désa, sedengkeun latar

Ulul Azmi Fatwa, 2022

**KRITIK SOSIAL DINA NASKAH DRAMA “TAMUN AGUNG” KARYA HAWWA THIFFAL**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

waktu (*historis*) dina ieu naskah drama nyaéta beurang jeung peuting.

Struktur formal naskah drama dina naskah drama “Tamun Agung” ngawengku prolog, dialog, wawancang, kramagung, adegan, babak, jeung epilog. Prolog atawa bubuka carita dina ieu naskah drama ngagambarkeun lobana warga di GOR Désa Cibentur anu keur ngadangukeun pidato ti Kadés ngeunaan datangna tamu agung ka Désa Cibentur. Dialog dina ieu naskah drama aya sabelas nyaéta 1) dialog tokoh Kadés jeung Warga; 2) dialog Darman jeung Ki Burhan; 3) dialog tokoh Darman jeung Usép; 4) dialog tokoh Ki Burhan jeung Usép; 5) dialog tokoh Buruh jeung Warga; 6) dialog tokoh Warga jeung Warga; 7) dialog tokoh Ibu jeung Anak; 8) dialog Nu Mabok jeung Hansip; 9) dialog Awéwé jeung Lalaki; 10) dialog Palamar jeung Palamar, 11) dialog Hansip jeung Kadés. Naskah drama “Tamun Agung” aya genep babak jeung opat adégan. Dina ieu naskah kapanggih aya sababara wawancang jeung kramagung anu ngawengku sakabéh adegan namung teukapanggih ayana kalimah anu nunjukeun *aside*, lian ti éta aya ogé teu kapanggih ayana solilokui. Epilog naskah drama “Tamun Agung” nyaritakeun dimana Kadés nepikeun bewara nu sabenerna sabab loba pisan salah sangka kana naon jeung saha ari tamu agung téh. Pidato nu ditepikeun ku Kadés kalawan jéntré bisa ditarima ku Warga jeung nu séjéna. Antukna warga jeung nu séjéna sadar ngeunaan naon ari tamu agung téh. Warga narima jeung nataharkeun kedatangan tamu agung sabab bakal nyanghareupan teknologi 4.0 nyaéta tamu agung nu sabenerna.

Dumasar kana analisis struktural jeung analisis sosiologi sastra, bisa kapaluruh unsur-unsur naon waé nu ngawangun éta naskah. Lian ti éta, kapanggih ogé aspék-aspék nu rélevan jeung kahirupan sapopoé. Unsur-unsur naskah drama ditalungtik kalayan dipisah-pisahkeun dumasar kana papasinganana, ieu hal tujuanna pikeun mikanyaho unsur-unsurna.

## 5.2 Implikasi

Naskah drama “Tamun Agung” mangrupa salasahiji karya sastra Sunda anu di jerona loba amanat anu bisa dijadikeun conto dina kahirupan sapopoé. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas tina tiori-tiori anu aya patalina jeung objek panalungtikan atawa pamarekan panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep

bisa méré mangpaat, salasihijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda.

Kamekaran karya sastra Sunda bisa dimangpaatkeun minangka salasihiji tarékah ngawanohkeun sastra Sunda hususna ka para generasina satuluyna sangkan daék mikawanoh kana karya sastra Sunda. Lian ti éta, bisa digunakeun pikeun ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang naskah drama.

### 5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan ngeunaan *Ulikan Struktural Jeung Sosiologi Sastra Dina Naskah Drama “Tamuh Agung” Karya Hawwa Thiffal* dilaksanakeun. Panalungtikan ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamekaran sastra Sunda.

- 1) Mahasiswa dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah kritik sastra tur bisa dituluykeun ku panalungtikan-panalungtikan anu leuwih hadé, lantaran ieu panalungtikan masih kénéh kurang tur bisa diguar leuwih jero dina panalungtikan-panalungtikan satuluyna.
- 2) Panalungtikan sarupa anu maluruh sosiologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbang mah sangkan kapanggih aspék sosiologi sastra dina karya-karya sastra séjén jeung pangaran séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra.
- 3) Lembaga paélmaan dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna karya sastra Sunda dina widang naskah drama.